



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

PANDAN SEMÈN PWOTEKSYON KONSOMATÈ NASYONAL LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 182 MILYON DOLA YO REKIPERE POU KONSOMATÈ YO AK FOUNISÈ SWENSANTE YO AN 2023

Depatman Sèvis Finansye Eta New York la te rekipere plis pase 158 milyon dola pou konsomatè yo ak founisè swen sante yo ansanm ak 23 milyon dola nan restitasyon ki soti nan mezi aplikasyon lwa yo

Swiv anons Gouvènè a sou prèske 9.7 milyon dola yo retounen bay konsomatè yo an 2023 atravè Depatman Sèvis Piblik la ak Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta

Bati sou pwopozisyon Bidjè Ane Fiskal 2025 Gouvènè a pou pwoteje konsomatè yo ak amelyore abòdabilite pou Nouyòkè yo

Nouyòkè yo ka jwenn èd gratis atravè Depatman Sèvis Finansye a [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York te rekipere plis pase 182 milyon dola nan rekiperasyon ak restitasyon pou konsomatè yo ak founisè swen sante yo an 2023. Ane pase a, DFS te rekipere plis pase 158 milyon dola pou konsomatè yo ak founisè swen sante yo ki te depoze plent ak Depatman an, ansanm ak 23 milyon dola nan restitasyon yo te kolekte nan mezi aplikasyon lwa ak sipèvizyon DFS, anplis lòt penalite. Anons sa a bati sou efò Depatman Sèvis Piblik ak Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP) Depatman Deta (Department of State, DOS) a, ki nan kòmansman mwa sa a te anonse ke li te retounen prèske 9.7 milyon dola bay konsomatè yo an 2023, epi li konplete Agenda Pwoteksyon ak Abòdabilite pou Konsomatè Gouvènè a, ki gen ladan l pwopozisyon nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 li a pou kenbe lajan nan pòch Nouyòkè yo.

"Eta New York ap respekte angajman li pran pou l pwoteje konsomatè yo, reprime pratik biznis enjis yo, epi remete lajan nan pòch Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Semèn Pwoteksyon Konsomatè Nasyonal la, administrasyon mwen an ap double efò nou nan ede Nouyòkè yo kenbe lajan yo te fè anba redi, rann biznis malonèt yo responsab epi fè tout sa nou kapab pou redwi depans yo."

Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne Harris, te deklare, "DFS detèmine pou l kontinye remete lajan nan pòch Nouyòkè yo, epi mwen trè fyè de 182,387,247 dola DFS te rekipere ane ki sot pase a. Pou rekonèt Semèn Pwoteksyon Konsomatè Nasyonal la, nou espere raple Nouyòkè yo DFS la pou ede ak plent yo epi kreye yon sistèm finansye ki pi rezistan."

Inite Asistans Konsomatè (Consumer Assistance Unit) DFS la resevwa epi ede rezoud plent konsomatè yo epi travay ak endistri ak ekip aplikasyon lwa Depatman an pou mennen ankèt epi ede korije modèl abi ak fwod. Nan kòmansman ane sa a, [DFS te anonse](#) ke depi kreyasyon li an 1997, Biwo Tretman Reklamasyon Olokòs (Holocaust Claims Processing Office, HCPO) Depatman an, ki ede viktim Olokòs yo ak eritye yo rekipere byen yo vòlè yo, te ede sekirize epi retounen plis pase 183 milyon dola nan konpansasyon bay viktim yo ak eritye yo pou pèt labank, asirans, ak lòt pèt materyèl. Anplis de sa, atravè inisyativ sa a, Depatman Sèvis Finansye a te fasilite règleman ki enplike plis pase 250 objè kiltirèl.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè a [te anonse](#) ke Eta New York te retounen prèske 9.7 milyon dola bay konsomatè yo an 2023, ki gen ladan anviwon 7 milyon dola ki te soti nan prèske 25,000 envestigasyon Depatman Sèvis Piblik la ak 2.7 milyon dola Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta a.

Nouyòkè yo ka jwenn resous sou plizyè sijè tankou rekiperasyon pou katastwòf; pwoteksyon kont fwod ak sibè; ak prè etiyon yo. Pou jwenn asistans konsènan diskisyon ak bank, konpayi asirans, ak lòt founisè sèvis finansye, vizite www.dfs.ny.gov/complaint oswa rele (800) 342-3736.

Agenda Pwoteksyon ak Abòdabilite pou Konsomatè Gouvènè a

Gouvènè Hochul te devwale yon pwogram pwoteksyon konsomatè ak abòdab kòm yon pati nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 li a pou reprime pratik biznis twonpè epi ede kenbe lajan nan pòch Nouyòkè yo. Bidjè Gouvènè a enkli pwopozisyon pou amande Lwa Konsomatè New York yo pou ranfòse pwoteksyon konsomatè kont pratik biznis enjis yo; etabli règleman ki se lidè nan nasyon an pou endistri prè Achte Kounye a, Peye Pita (Buy Now Pay Later); avanse premye gwo ogmantasyon nan avantaj konje medikal peye nan plis pase twa deseni; aplike pwopozisyon ki pi laj nan peyi a pou elimine ko-peman pou ensilin nan kèk plan asirans; epi pwopoze lejislasyon pou konbat dèt medikal.

Gouvènè a te siyen tou lejislasyon ane pase a pou pwoteje Nouyòkè yo kont ogmantasyon pri yo ak dèt medikal epi, an 2022, Gouvènè a te siyen tou lejislasyon pou entèdi frè kache pou konsomatè ki achte tikè pou evènman an dirèk, elaji penalite pou itilizasyon wobo skalpè ak lojisyèl acha tikè, entèdi vant tikè gratis, epi entèdi frè livrezon sou tikè ki distribye elektwonikman oswa ki enprime adomisil.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Pandan Semèn Pwoteksyon Konsomatè Nasyonal la, mwen fyè de travay n ap fè pou asire ke konsomatè New York yo pwoteje ak jwenn sipò. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak ekip Depatman Sèvis

Finansye a paske yo te retounen 182 milyon dola ki se yon rekò dirèkteman nan pòch yo. Restitasyon anplis sa a ak lajan rekipere yo pral bay Nouyòkè yo yon ogmantasyon nesèsè"

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Semèn Pwoteksyon Konsomatè Nasyonal la se yon moman pou konsomatè yo enfòme ak ekipe. Lè nou ogmante konsyantizasyon ak mete aksan sou bezwen konsomatè yo, n ap ekipe moun yo pou yo pran desizyon enfòme epi defann dwa yo. Ansanm ak Gouvènè Hochul ak administrasyon li a, mwen devwe pou pwoteje Nouyòkè yo, ofri resous enpòtan ak sipò epi bay pwoteksyon konsomatè ki pi solid semèn sa a ak chak semèn."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)